


NaMutungamiri Thomas S. Monson



Chipo cheRutendeuko

“Basa redu nderekufambira mberi kubva pakungova nekwaniso yakaderera kuenda pakuva nekwaniso yakanyatsokwana, kubva pakukundikana kuenda pakubudirira,” Mutungamiri Thomas S. Monson vakadzidzisa kudaro. “Basa redu nderekuva vakanakisisa. Chimwe chezvipo zvakakurisisa zvaMwari kwatiri mufaro wekuedza zvakare kubudirira, nokuti hakuna kukundikana kunombofanira kuva magumo ekuedza kwedu.”¹

Kazhinji mukufunga tinobatanidza kutanga kwegore idzva nezvitsidziro nezvinangwa. Tinotsidzira kuzvinatsa, kushanduka, kuedza zvakare. Pamwe nzira yakanyanya kukosha yatinokwanisa kuedza zvakare nayo ndeyokutambira nokushandisa izvo Mutungamiri Monson zvakadaidza kuti “chipo cherutendeuko.”²

Muchinyorwa chinotevera chakatorwa kubva mudzidziso dzavo kubvira pavaMwari Mutungamiri weChechi, Mutungamiri Monson vanotiraira kuti, “tiise ropa rerudzikinuro raKristu kuti tigashire ruregerero rwezvivi zvedu, uye kuti mwoyo yedu igocheneswa”³

Chishamiso cheRuregerero

“Tose takamboita sarudzo dzisina kunaka. Kana tisati takatogadzirisa sarudzo idzodzo, ndinokuvimbisai kuti kune nzira yokudziganzira. Nzira yacho inodaizwa kunzi rutendeuko. Ndinoteterera kwamuri kuti gadzirisa zvikanganiso zvenyu. Muponesi wedu akafa kuitira kupa iwe neni chipo chakaropafadzwa ichocho. Kunyange zvavo nzira yacho isiri nyore, chivimbiso chacho ndechekhwadi: ‘Kunyange zvivi zvenyu zvakaite somucheka mutsvuku, zvichachena sechando’ [Muporofita Isaya 1:18]. ‘Uye ini, Ishe, handizozviyeuka nariini’ [D&Z 58:42]. Usaisa upenyu hwako hwekusingaperi panjodzi. Kana wakaita chivi, ukakurumidza kudzoka kunzira kwayo,

unozokurumidzawo kuwana runyararo norufaro rwunotapira izvo zvinouya nechishamiso cheruregerero.”⁴

Dzokera kuNzira

“Kunyange zvakanakosha kuti tisarudze zvakanjenjira, pane dzimwe nguva apo tinozotta sarudzo dzeupenzi. Chipo cherutendeuko, chakapiwa neMuponesi wedu, chinaita kuti tikwanise kushandura hupenyu hwedu, kuitira kuti tigokwanisa kudzokera kunzira iyo inozotitungamirira kukubwinya uko kweseresitiyaro kwatinotsvaga.”⁵

Nzira yoKudzokera

“Kana ani nani wenyu akabvumira chivi muhupenyu hwa-ke, ndinokuvimbisai kuti kune nzira yokudzokera nayo. Nzira yacho inodaizwa kunzi rutendeuko. Kunyange zvavo nzira yacho ichigozha, ruponeso rwako rwekusingaperi rwakamira pairi. Chii chimwe chinganyanya kukodzera kuedza kwako kwose? Ndinoteterera kwamuri kuti sarudzai ipopano uye iyezvino kutora nhanho dzinodikanwa kutendeuka zvakazara. Kana mukadaro nokukurumidza, munozokurumidzawo kukwanisa kunzwa rugare nerunyararo uye nesimbiso zvinotaurwa nezvazvo naIsaya [ona Muporofita Isaya 1:18].”⁶

Vanhu Vanokwanisa Kushanduka

“Tinofanira kuyeuka kuti vanhu vanokwanisa kushanduka. Vanokwanisa kusiya shure kwavo tsika dzakaipa. Vanokwanisa kutendeuka kubva kuzvitadzo. Vanokwanisa kuva nehupirisita zvakanodzera. Uye vanokwanisa kushandira Ishe neushingi.”⁷

Iva Wakachena Zvakare

“Kana paine chisina kunaka muhupenyu hwako, kune nzira yokuzvikunda nayo. Regeera kusarurama kupi nekupi

zvako. Taura nabhishopi vako. Hazvinei kuti idambudziko ripi zvaro, rinokwanisa kugadziriswa kuburikidza nerutendeuko kwarwo. Unokwanisa kuva wakachena zvakare.”⁸

Basa Rakakosha Zvikuru reMuponesi

“Chakakosha zvikuru kuchirongwa [choruponeso] Muponesi wedu, Jesu Kristu. Pasina kuzvipira Kwake kwerudzikinuro, munhu wose aizoramba akarashika pamweya. Hazvina kukwana, zvisinei, kungotenda chete maAri nemubasa Rake. Tinofanira kushanda nokudzidza, kunzvera nokunamata, kutendeuka nokuzvinatsa. Tinofanira kuziva mitemo yaMwari uye toirarama. Tinofanira kutambira zvisungo zvinoponesa Zvavo. Chete nokuita izvi ndipo patinozowana rufaro rwechokwadi, rwekusingaperi.”⁹

ZVIMWE ZVINYORWA

1. “The Will Within,” *Ensign*, Chivabvu 1987, 68.
2. “Choices,” *Liahona*, Chivabvu 2016, 86.
3. Mosaya 4:2
4. “The Three Rs of Choice,” *Liahona*, Mbudzi 2010, 69.
5. “Choices,” 86.
6. “Keep the Commandments,” *Liahona*, Mbudzi. 2015, 85.
7. “See Others as They May Become,” *Liahona*, Mbudzi 2012, 68.
8. “Priesthood Power,” *Liahona*, Chivabvu 2011, 67.
9. “The Perfect Path to Happiness,” *Liahona*, Mbudzi. 2016, 80–81.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Tose isu hatina kururama—chete kuburikidza nechipo cherutendeuko icho chakakwaniswa nokuda kwekuzvipira kwaJesu Kristu tinokwanisa kucheneswa kubva kuchivi uye tonatsa upenyu hwedu. Funga kukurukura neavo vaunodzidzisa kuti “tinoshandura hupenyu hwedu sei” kuburikidza nerutendeuko. Vakanzwa sei kuva pedyo naBaba Vokudenga naJesu Kristu kuburikidza neshanduro dzakanaka dzavakaita muhupenyu hwavo? Unokwanisa kukoka avo vamunodzidzisa kuti vanyore zvitsidziro zvemweya zvegore dzva uye kuti vave vanosuma mafambiro mberi avo pazviri kushamwari, mukadzi kana murume wavo, kana kune imwe nhengo yemhuri.

VECHIDIKI

Tsidzira Kutendeuka.

Mutungamiri Monson vanotsanangura kuti “basa redu ndere kufambira mberi kubva pakungova nekwaniso yakaderera kuenda pakuva nekwaniso yakanyatsokwana, kubva pakukundikana kuenda pakubudirira. Basa redu ndere kuva vanhu vakanyanyisa kunaka.” Vanhu vazhinji vanopira mwedzi waNdira kukuita zvinangwa uye zvitsidziro zvenatsurudzo: kunyemwerera zvakawedzera, kudya

zvakananyanya kunaka, kana kudzidza unyanzvi hutsva. Apo zvinangwa izvi zvichikwanisa kukubatsira kushanduka kuva uri nani, nzira yakanyanya kunaka yokushanduka nayo ndeye kuburikidza nerutendeuko.

Kunyange rutendeuko ruchikwanisa kuva chinhu chingozha, chipo! Apo patinovimba naJesu Kristu nokutendeuka kubva pazvivi zvedu, tinokwanisa kukura uye kufambira mberi. Mutungamiri Monson vakati, “Chinhu chakakosha zvikuru kuchirongwa [chorupeneso] Muponesi wedu, Jesu Kristu. Pasina kuzvipira kwake kwerudzikinuro, munhu wose aizoramba akarishika pamweya.” Kuburikidza nerutendeuko, unokwanisa kugezwa wochena kubva kuzvivi zvako uye wofambira mberi kuva zvakananyanya salye.

Funga nezve chinhu chingange chichikutadzisa kuva seMuponesi. Kushandisa here kwaunoita mashoko asina kunaka? Mabatiro here aunoita shamwari dzako kana mhuri yako? Mushure mekunge wafunga nezve izvo zvaunokwanisa kunatsa, namata kuna Baba Vokudenga uye utaure chido chako chokushanduka. Yeuka kuti kuburikidza nesimba reRudzikinuro Rwake, Jesu Kristu anokwanisa kukubatsira kukunda utera hwako. Sokuudzidzisa kwakaita Mutungamiri Monson, “Chipo cherutendeuko, icho chakapiwa neMuponesi wedu, chinoita kuti tikwanise kushandura upenyu hwedu.”

Apo zvinangwa zvegore idzva zvichikwanisa kuti batsira kukura, nzira yakanyanya kunaka yokushanduka nayo ndeye kuburikidza nerutendeuko.

Onawo “Eight Myths about Repentance” pa lds.org/go/1186.

VANA

Rutendeuko Chipo

Chipo cherutendeuko hachisi chipo chaunokwanisa kuona kana kubata. Panzvimbo pazvo, chipo chaunokwanisa kunzwa. Izvi zvinoreva kuti apo patinoita sarudzo isina kunaka, tinokwanisa kutendeuka uye tonzwa runyararo nerufaro zvakare.

Baba Vokudenga naJesu vanozogara vachitibatsira kutendeuka. Tara mufananidzo unoendererana nechinhano chakasiyana chega chega cherutendeuko.

Tinonzwa urombo.

Tinonamata kunaBaba Vokudenga, tovaudza zvaka-itika, uye tokumbira rubatsiro Rwavo kuti tiite sarudzo dziri nani panguva inotevera.

Tinokumbira ruregerero uye toedza kuzvigadzirisira.

Tinonzwa runyararo uye toziva kuti taregererwa.



Ramba Uchitaurirana Naye Nguva Ipi Zvayo, Kupi Zvako, Nenzira Ipi Zvayo

Dzidziso yekushanyirana iri maererano nokushandira. Jesu aishandira nguva ipi zvayo uye kupi zvako. Tinokwanisa kuita zvimwechetezvo.

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

“Kushandira” kupa mushando, ruchengeto, kana rubatsiro runowedzera kumagariro akanaka kana rufaro rwemumwe munhu. Dzidziso yekushanyirana iri maererano nokuwana nzira dzokushandira avo vatinoshanyira. Jesu Kristu akashandira kuna vose—nguva ipi zvayo uye kupi zvako. Akapa zvokudya kuzviuru zvishanu, akanyaradza Maria naMatha parufu rwehanzvadzi yavo, uye akadzidzisa vhangeri Rake kumudzimai patsime. Akazviita nokuda kwerudo Rwake rwechokwadi.

Nokutevera muenzaniso Wake, isu sevadzidzisi vekushanyirana tinovika pakuziva nokuda sisita wega wega watinoshanyira, tichiyeka kuti rudo ndirwo hwaro rwezvose zvatinoina. Apo patinonamatira femero yokuziva mashandiriro atingamuita uye nokumubatsira kusimbisa rutendo rwake, “ngirozi hadzikwanisi kudzivirirwa mukuva vafambidzani [vedu].”¹

Kubvira mukurongwa kwebato reChita choRubatsiro muna 1842 kusvikira nhasi, kushandira

kwemadzimai kwakaropafadza hupenyu hwevanhu. Somuenzaniso, Joan Johnson, mudzimai shirikadzi uyo anemakore makumi masere nemaviri ekuzvarwa, nemufambidzani wake padzidziso yekushanyirana vakashanyira nokudzidzisa muvachidzani wavo anemakore makumi masere nemapfumbamwe ekuzvarwa uye anechirwere chemabayo. Vakaona kuti muvachidzani wavo akanga asingangovadi kuti vashanye kamwechete pamwedzi, saka vaka-tanga kumushanyira vhiki yoga yoga vachienda kumba kwake ivo pachava kana kumuridzira runhare.

Kune vamwe vadzidzisi vekushanyirana, kutuma shoko nepasere- foni kana imeiri vachipa kurudziro kungangova chinhu chakanaka chose kuitira sisita mwedzi iwoyo. Kuumba ukama naye pachake uye kuteerera nemoyo werudo ndiwo musimbote wedzidziso yekushanyirana. Zvishandiswa zvekutaurirana zvavako mazuva ano uye kushanyirana pachenyu, uko kunova nzira yedzidziso yekushanyirana yanga ichishanda zvikuru kwenguva

yakareba, zvinotibatsira kuzviita nguva ipi zvayo, kupi zvako, uye nenzira dzakawanda.² Uko kunova kushandira sezvakaitwa naJesu.

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 454.
2. Ona *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 9.5.1.

Funga Izvi

Tinorega sei kunetsekana pamusoro “pekuti mutoo upi wekutaurirana” unganzi idzidziso yekushanyirana uye panekudaro tonangisa pfungwa dzedu pazvinhu zvinodikanwa nasisitawoga woga kubva kuvadzidzisi vekushanyirana vake?

Kushandira

Pane kuva nerimwe shoko rokushandisa mudzidziso yekushanyirana, mwedzi wega wega peji ino ichapa musimbote wakasiyana siyana wekutibatsira kushandirana zvakananyana kunaka. Apo paunonamata nokutsvaka femero, unozoziva shoko remweya nerubatsiro zvinenge zvichidikanwa nasisitawoga woga.